sampai ke Pangurakan  
sepanjang jalan ke utara  
hiruk pikuk suara barisan  
tanda berangkat  
gendang, gong, dan seruling.
- Barisan prajurit seperti  
seperti barisan semut di batu  
lintah berbadan seribu  
tandanya bermacam-macam  
ringkik kuda  
memilukan hati.
- Perjalanan raja telah jauh.  
Diceritakanlah sang Raja  
di Pajajaran  
duduk berhadapan dengan prajuritnya

## VII. DURMA

- Sawiyose wadya ngalun-alun aglar  
anglebi pacak suji  
ndungkap Pangurakan  
mangaler turut marga  
gumuruh swaraning baris  
tengara mangkat  
kendhang, gong lawan suling.*
- Bala kuswa lir watu tumrun king  
arga  
anglir sela blekithi  
werdu angga sasra  
tengranya warna-warna  
pangriking kuda  
mangres karengeng nglangit.*
- Sampun tebih tindaknya Sri Nata  
Kawarnaa sang Aji  
nata Pajajaran  
moyose siniweng bala*

memanggil Patih Praguna  
Raja berkata,  
"Patih, saya ini

4. tidak memiliki meriam.

Patih, kau saya tunjuk  
ke Galuh untuk mencuri  
sebuah meriam  
yang bernama Ki Setomi  
dan itu harus berhasil  
karena akan kupergunakan pengu-  
at prajurit."

5. Patih menyanggupi dan segera  
berangkat  
dengan membawa prajurit seratus  
yang semuanya pilihan.  
Tak berapa lama sampailah me-  
reka  
malam harinya sudah masuk di  
Galuh  
ke istana raja  
yang kelihatan sepi.

6. Patih segera mendekati  
meriam Nyai Setomi  
lalu diangkat  
lima puluh orang tak kuat  
mereka ingat lalu bersembah,  
"Saya hanya  
diutus Gusti, Nyai

7. oleh raja Pajajaran

yaitu putra raja  
Sri Banjaransekar."  
Meriam segera diangkat  
lima puluh orang telah berhasil  
mengangkat  
lalu dibawa keluar.

*nimbali Praguna Patih  
Nata ngandika,  
"Sun iki Bapa Patih*

4. *nora duwe terkat tan mriyem  
sajuga.*

*Sira Patih sun tuding  
mring Galuh andustha.  
kang mariyem sajuga  
kang arannya Ki Setomi  
poma tan kena  
sun karya tameng jurit."*

5. *Tur sandika Ki Patih anulya  
mentar  
mbekta rowang sabiting  
dadya wong pilihan.  
Tan kawarna wus prapta*

*Galuh dalu wus umanjing  
pura narendra  
sampun kapanggih sepi.*

6. *Dustha patih lajeng merpeki nggenira  
mriyem Nyai Setomi  
anulya ingangkat  
jalma seket tan kangkat  
wus emut nulya ngabekti  
"Dermi kawula  
Nyai ingutus Gusti*

7. *Sri Narendra kang sinembah Pa-  
jajaran  
inggih putra narpati  
Sri Banjaransekar."  
Mriyem nulya ingangkat  
jalma seket wus kuwawi  
binekta medal.*

- Ki Patih berpikir sebentar
8. lalu berkata kepada temannya, "Saya tak menduga istana kelihatan sepi. Di mana sang Raja? Hatiku terasa tak enak." Kemudian mendengar berita bahwa raja berangkat memerangi adiknya.
9. Patih cepat-cepat pulang membawa Nyi Setomi. Sesampai di Pajajaran diserahkan kepada raja. Raja merasa puas sekali mendapatkan senjata. Ki Patih bersembah lagi,
10. "Hamba beritahukan negeri Galuh sepi kakanda raja bersama prajuritnya sedang bergerak akan menyerang Gusti dan sekarang dalam perjalanan. Raja berkata,
11. "Kalau begitu hadapilah seluruh persenjataan prajurit Sunda gerakkkan semua!" Patih menyanggupi lalu memerintahkan prajurit "Semua saya perintahkan."
12. Prajurit berangkat dipimpin Ki Patih semua membawa senjata. Cerita perjalanan
- Ki Patih nukmeng galih*
8. *nulya muwus ing rowang, "Ing sun tan duga kedhaton dening sepi. Neng ngendi sang Nata? Tan enak tyas manira." Anulya miarsa werti yen Sri Narendra anglurugi kang rayi.*
9. *Antukira Ki Patih agegancangan mbekta Nyi Setomi Prapta Pajajaran katur Sri Naranata. Langkung trustha Sri Bupati angsal pusaka Ki Patih matur malih,*
10. *"Ambo atur uninga mring Sri Narendra nagri Galuh pan sepi rakamta narendra kebud sang wadya bala nglurugi Paduka Gusti sampun neng marga. Angandika Sang Aji,*
11. *"Yen mengkono Bapa Patih papagena sagegamaning jurit wadyengsun ing Dundha kabeh sira keriga!" Tur sandika Kyai Patih parentah wadya "Padha sun gusthi-gusthi."*
12. *Wadya mangkat Ki Patih nindhihi bala dedameling jurit. Kawarna lampahnya*

- Prabu Galuh dan prajuritnya beristirahat di jalan dihadap oleh prajuritnya. Tiba-tiba datang utusan dari Galuh
13. memberi tahu bahwa meriam Setomi hilang pada waktu malam hari para penjaga tidak ada yang tahu. Raja terkejut dan marah "Bagaimana Patih penunggunya tak bekerja?"
14. Raja memerintah Patih, "Berangkatkan senjata di muka saua sudah menduga pastilah Setomi berada pada dinda." Tanda pemberangkatan telah bertalu dan prajurit sudah berhadap-hadapan.
15. Prajurit Pajajaran diperintahkan maju perang setelah di medan perang lalu berkata Raja Galuh, "Hai, orang Sunda mundurlah segera kau pasti kalah prajuritmu hanya sedikit!"
16. Prajurit Sunda berteriak marah dan pecahlah pertempuran berdu senjata seperti gunung roboh kabut sebagai senjata
- Prabu Galuh sawadya rerep masanggrahan aji siniweng bala.  
Wonten duta king nagri Galuh*
13. *tur uninga yen mriyem Setomi musna tatkalaning latri wadya ingkang jaga datan wonten uninga, Kagyat bermantya sang Aji "Karane Bapa kang tunggu tanpa kardi?"*
14. *Angandika mring Patih, "Payo budhalna gegaman kang pangarsi ingsun wus aduga mangsa iya noraa Setomi ana si adi." Tangara mangkat wus ayun-ayunan jurit*
15. *Pejajaran kinan mapag ing yuda jajaran wus prapti anulya ngandika Galuh Sri Naranata, "Wang Sundha mundura nuli mangsa manggaa rowangira sathithik!"*
16. *Wadya Sundha bermantya awarti sora nulya campuh ing jurit acaruk sanjata pindhah wukir bubagra limut musteng kaceki*

- gelap seperti hujan  
saling menombak dari kejauhan.
17. Prajurit Galuh banyak yang tewas tertombak  
perangnya hebat sekali  
seimbang keperwiraannya  
keberaniannya tak berubah  
maju menghadapi leming  
sambil bersiap dengan tombak  
prajurit Galuh terdesak.
18. Semua yang selamat menyerah.  
  
Diceritakanlah sang Raja  
Galuh sangat malu  
dan Patih Penanggungan  
menghilang dari medan perang  
bersama embannya  
tidak kembali ke negaranya.
19. Sudah tahu bahwa pulung Pa-  
jajaran  
yang menguasai tanah Jawa  
maka sang Raja lalu pergi  
menuju hutan.  
Adapun yang menang perang  
prajurit Sunda  
mundur melapor ke rajanya.
20. Memberi tahu bahwa kakanda  
raja  
Galuh meninggalkan medan perang  
prajuritnya  
yang tersisa hidup  
takluk kepada sang Raja  
dan menyatakan menyerah.  
Sri Raja puas hatinya.
- pungu lir warsa  
caruk watang atebih.*
17. *Wadya Galuh keh pejah cinaruk  
watang  
pamuknya golong pipis  
prawira ingsun dha  
prawira tan wikara  
lumarap ajajah leming  
angundha watang  
wadya Galuh kalindhih.*
18. *Sisaning kang pejah anungkul  
sadaya.  
Kawarna Sri Bupati  
Galuh langkung merang  
lan Patih Penanggungan  
angles samadyaning jurit  
lan embanira  
tan kudu mring nagari.*
19. *Sampun priksa yen pulunge Pe-  
jajaran  
kang mengku tanah Jawi  
sang Narendra linggar  
angambah wana wasa.  
Winarna kang menang jurit  
prawira Sunda  
mundur tur uning aji.*
20. *Tur uninga yen kang raka na-  
rendra  
Galuh anglesing jurit  
wadyanira samya  
sasisaning kang pejah  
samya teluk mring sang Aji  
atur bongkokan  
Trustha Sri Narapati.*

## VIII. DHANDHANGGULA

1. Diceritakanlah raja yang menderita bersama Patih Penanggungan jalannya menyimpang menelusup hutan lebat jurang dalam dilewati duri lebat diterjang sudah terlewati istirahat di gunung samodra perjalanan Sang Raja dan Patih Ki Penanggungan.
2. Kemudian masuk hutan kembali Sang Raja bertanya kepada emban, "Hutan mana ini?" Patih bersembah, "Daerah Nusa Tembini." Sudah jauh dari Pajajaran perjalanan masih berlanjut lalu tampaklah seseorang matanya lebar dan merah berulang-ulang ia membungkuk.
3. Sang Raja segera bertanya, "Kamu itu makhluk apa? Selalu membungkuk-bungkuk tanpa teman." Yang ditanya menjawab, "Mencetak batu bata lalu dibakar." "Pandai sekali kau tanah dibakar menjadi merah. Kalau begitu saya ikut
4. menumpang di rumahmu." Orang hitam menjawab, "Gusti dari mana?

## VIII. DHANDHANGGULA

1. *Kawarna ingkang kawlasasih lawan patihira Penanggungan amurang marga lampahé anusup wana singup jurang sengkan dipunmargani ri bandhil tinarajang pan sampun kapungkur larwyen sing giri samodra lampahira sang Nata lawan Kyana Patih ira Ki Penanggungan.*
2. *Nulya tindak ngambah wana malih Sang Nata tetanya marang emban, "Ngelas ngendi ki arane?" Patih nembah umatur, "Enggih bawah Nungsa Tembini." Wus tebih Pejajaran lajeng lampahipun ya ana jalma katingal netra abrit awiyar pan anglang-kungi dhingkal-dhingkul akarya.*
3. *Aglis tanya Kanjeng Sri Bupati "Sira iku jalma apa? Dhingkal-dhingkul ya solahe denc tan nganggo batur." Kang tinanya tanggap nauri, "Nyithak akarya bata ingobong," turipun "Akal temen sira jalma dene lemah ingobong pan dadi abrit Yen mangkono sun nunggal*
4. *melu wisma mring sira." Jalma cemeng aris aturira, "Gusti pundi pinangkane?*

Siapa namanya?  
 Cahayanya bersinar terang  
 Sang Raja tersenyum sambil ber-  
 kata,  
 "Asalku  
 tidak tahu dari mana  
 berkelana mengikuti kehendak  
 hati  
 tak ada yang dituju."

5. Kemudian Sang Raja membangun rumah  
 lalu menetap dengan pembantu.  
 Sang Raja berkata,  
 "Di sini saya ubah namanya menjadi Batawiyah."  
 Setelah raja bermukim di situ banyak orang yang mengikuti rukun dengan tetangga  
 keempat desa di sekelilingnya tunduk semua kepada Kanjeng Sri Raja.
6. Lama-kelamaan menyerupai negara  
 aman tenteram bernama negara Jakarta  
 murah sandang pangan  
 sudah menyerupai negara besar.  
 Pada waktu itu naik tahta lagi bernama Raja Jakarta.  
 Sudah berjalan lama raja  
 memerintah negara Jakarta  
 punggawanya sudah diatur seperti negara  
 gembiralah hati Sri Raja.
7. Cerita lain lagi  
 sebagai cerita bukan baku  
 di negara Spanyol

*Sinten ingkang jejuluk?  
 De sorote macur nelahi.  
 Mesem ngandika Nata,*

*"Dhangkangin ingsun  
 tan wrin ing tuduh pinangka  
 ing saparan panut karepireng  
 kapti  
 tan na kang sinedyeng tyas."*

5. *Nulya karya wisma ri sang Aji lajeng arsa dhedekah lan emban.  
 Ngandika Kanjeng sang Rajeng,  
 "Kene sun lih ranipun  
 Batawiyah pan mantesi."  
 Nggennya dhedhekah nata  
 keh jalma tutpungkur  
 suyud kanan keringira  
 mancapate wus samya sumuyut  
 sami  
 mring Kanjeng Sri Narendra.*
6. *Wus lami amindhya nagari  
 kartaharja ran nagri Jakarta  
 amirah sandhang pangane  
 wus kadya praja agung.  
 Duk samana jumeneng malih  
 juluk Nata Jakarta.  
 Wus lami Sang Prabu  
 ngrenggani nagri Jakarta  
 ingkang wadya wus tinata kadya  
 nagri  
 asuka Sri Narendra.*
7. *Nahen gantya kang winarna ma-  
 lih  
 apan wonten sempalan carita  
 ing Sepanyol negarane*

bersamaan waktunya  
dengan raja negara Segaluh  
tetapi lain daerahnya  
Sakendher putranya  
Ki juragan Bagna namanya  
yang sedang terserang asmara.

*pan sareng wekdalipun  
lawan raja Sagaluh nagri  
nanging sanes tanahnya  
Sekendher ingkang peputra  
Ki Juragan Bagna ing wastanireki  
kang lagya akasmaran.*

## IX. ASMARADANA

1. Adapun pada awalnya keturunan manusia dari gua asalnya anak Nabi Nuh sudah lama berpencar menjadi pedagang besar ada pula yang menjadi raja.
2. Di negara Spanyol ada lagi yang digubah keturunan manusia perempuan hamil tua dan sengsara lalu dibedah keluar pria dibuang ke gunung tetapi bayi itu dapat rahmat.
3. Dipungut anak oleh orang sakti bernama Wasibagena setelah cukup lama diajari berdagang makin tua telah pandai kepandaianya hebat sekali melebihi yang lebih tua.
4. Mulai kecil sampai dewasa selalu bekerja keras ia menjadi kaya hartanya berjuta-juta tak terbilang jumlahnya negeri-negeri besar seberang diperintah dan dibeli.

## IX. ASMARADANA

1. *Purwanira kang kinawi tedhaking unuk manungsa sangking ing guwa wijile unuk Nabi Nuh atmaja wus lama dadya pencar samya rosa merdagang gung ana ingkang madeg nata.*
2. *Ing Sepanyol ingkang negara ana malih ginupita turun unuk jalma wadon awawrat sepuh sangsara binedhel medal priya binucal aneng ing gunung jabang bayi antuk rahmat.*
3. *Pinupu mring jalma luwih awasta Wasibagena sampaun lami antarane winulang apedagangan saya tuwa wus wigrya kapinteranira punjur ngungkuli kang tuwa-tuwa.*
4. *Wit alit tekeng birahi panggaotanira rosa katrima langkung sugihe donyane kethen ayutan baran tanpa wilangan nagari sabrang gung-agung akereh sami tinebas.*

5. Banyak kenalannya para pembeli dan penjual raja-raja banyak berhutang kepada juragan Wasibagna istrinya dua belas semua wanita cantik satu yang dikebunkan (disingkirkan)
6. Berasal dari negeri Mukadam pada awalnya mendapat murka Ki Juragan sangat sedih karena tidak beranak. Ketika malam hari tidur di luar rumah terdengar suara, "Jika kamu ingin mempunyai anak
7. naiklah ke istana di gunung ada pendeta bertapa mintalah berkahnnya pasti kau akan beranak." Cepat-cepat Ki Juragan bangun memberi tahu istrinya sebelas yang diberi tahu.
- 8.. Semula dia itu raja di Nglembugangsa menjadi pendeta hebat semua yang diminta akan jadi mempunyai empat orang putra semua wanita yang tua Dyah Rinipraba.
9. Adiknya Sarpakanaka adiknya lagi Thathagutinan bungsunya Thathasini semuanya berkesaktian luar biasa menguasai wilayah sendiri-sendiri banyak raja yang tunduk
5. *Kathah sanak anenenggih atepang wade tinumbas para raja utang akeh mring juragan Wasibagna rabine kalih welas samya putri ayu-ayu ingkang kinubon satunggal.*
6. *Sangking Mukadam nagari kasiku ing purwanira Ki Juragan subrantane dene datan apeputra. Dalu nendra akadhar ana swara karungu, "Sira yen ayun peputra*
7. *munggaha ing ardi puri ana pandhita atapa anjaluka pangestune pasthi sira apeputra." Byar wungu Ki Juragan atutur mring garwanipun sawelas kang jinarwanan.*
8. *Inguni punika aji narendra ing Nglembugangsa dadya pandhita kinaot sabarang cinipta ana darbe putra sakawan kenya samya prabu diyu kang sepuh Dyah Rinipraba.*
9. *Sarpakanaka kang rayi panengah Thathaguthana Thathasini wuragile samya sakti mahambara mengkurat sowang-sowang akeh giris ratu teluk*

- mengabdi dan berupeti.
- atur bekti kumawula.*
10. Sang pendeta bernama Mintuna berkata kepada para nyai,  
 "Siapkan hidangan jika nanti saya kedatangan tamu." Demikianlah Wasibagna yang akan menghadap sang pendeta telah tiba
11. di hadapan sang Pendeta jauh dilambai dengan manis Setelah duduk sempurna bertempat di pinggir balai Sang Pendeta berkata pelan, "Selamat datang. Apa yang kau kehendaki?"
12. Juragan menjawab, "Seperti sudah mengetahui semua tingkah laku saya." Sang Pendeta tertawa, "Sebab kau orang jadi juragan besar susah tidak mempunyai anak.
13. banyak memiliki harta dan istri. Istrinya dua belas belum ada yang berputra yang dikebunkan (disingkirkan) seorang putri dari Mukadas cantik tetapi terserapah." Ki Juragan minta belas kasihan,
14. "Benarlah sabda Pendeta." Sang Pendeta berkata lagi, "Jika kelak berhasil berputra, apa balasanmu kepadaku?" Ki Juragan menjawab,
10. *Nama Mintuna kang warni ngandika parekanira, 'Padha cacawisa age yen mengko sun kedhayohan.' Winarna Wasibagna kang arsa sowang Sang Wiku lampahira sampun prapta*
11. *ngarsane kang Wiku Aji doh ingawe amerdana Sampun atata lenggahe mungging tepising witana Sang Wiku lon manabda, 'Bageya kang lagi rawuh. Kulup, apa kang sinedya?'*
12. *Juragan matur sang Yogi "Kados boten kekilapan ing saparibawaningong." Sang Wiku gumuyu alatah, "Karane sira jiwa wong dadi juragan agung susah nora darbe putra.*
13. *asugih donya lan rabi. garwanira kalih welas durung ana patutane ingkang kinubon satunggal putri sangking Mukadas ayu warnane kasiku." Ki Juragan angrerepa,*
14. *"Kaluhuran sabda ening." Sang Wiku malih ngandika, "Yen besuk sira kalakon peputra sawalesira marang ingsun ta baya?" Ki Nakuda alon matur,*

- ”Saya tidak membala apapun  
15. kecuali hanya sembah  
dan harta benda.”  
Pendeta menjawab sambil tersenyum,  
”Harta benda untuk apa?  
Saya sudah kaya harta benda  
hanya janji setia  
darimu yang kuharapkan.
- ”Datan saged males amba  
15. tan langkung mung pangabekti  
kalawan kang rajabrama.”  
Mesem ngandika sang Katong,  
”Berana sun karya apa?  
Ingsun wus sugih donya  
tan langkung amung setya  
sira kaki kang sun sedya.
16. Kelak jika sudah berputra  
saya minta seorang  
saya jadikan anakku.”  
Juragan menyetujui  
kehendak sang Pendeta.  
Sang Juragan  
menuju kebun di belakang.
16. Besuk yen wis asesiwi  
ingsun njahuk satunggal  
sun ambil putra yektine.”  
Juragan matur sumangga  
sakarsa sang Pandhita  
Sang Juragan nyangak sampun  
marang kebon pepungkurian.
17. Sampai di tempat  
Maha Mintuna berkata,  
”Ini kebun saya  
mangga hanya berbuah dua  
silakan ambil  
berikan kepada istrimu  
merata dua belas orang.
17. Lampahira sampun prapti  
ngandika Maha Mintuna,  
”Iki pakebonan ingong  
mung loro pelem wohira  
iku sira ambila  
paringenya mring garwamu  
kalih welas den warata.
18. Pasti akan berputra  
akan lahir laki-laki semua  
salah seorang akan menjadi raja  
dan pemberani dalam perang.”  
Ki Nakoda bersembah,  
”Mudah-mudahan dapat restu  
Kanjeng Gusti Nabi Musa.”
18. Pasthi padha asesiwi  
ambabar priya sadaya  
kang siji umadeg ratu  
tur sudira ingayuda.”  
Ki Nakoda tur sembah,  
”Angsala pangestunipun  
Kanjeng Gusti Nabi Mungsa.”
19. Ki Juragan Bagna pamit  
pulang. Sesampainya di rumah  
bertemu dengan semua istrinya  
sebelas orang menghadap.  
Ki Nakoda berkata,  
”Dinda saya mendapat hasil
19. Ki Juragan Bagna pamit  
mantuk. Prapteng wismanira  
panggih garwanira adher  
garwa sawelas neng ngarsa.  
Ki Nakoda lingira.  
”Yayi oleh gawe ingsun

- diberi oleh Pendeta di gunung *pinaring Sang Wiku arga*
20. berupa dua buah mangga untuk kau makan agar dapat berputra.” Mangga dibagi terus dimakan oleh sebelas orangistrinya. Cerita selanjutnya istri yang disingkirkan juga
  20. *arupa pelem kekalih kinan mangan sira padha nuli sesunu ing tembe.” wus dinum sigra dhinahar mring garwanira sawlas. Nehenta ingkang winuwus garwa kang kinubon juga*
  21. Ia sangat memilukan tidak makan dan tidak tidur tetapi makin memperkuat bertapanya dihadap oleh abdinya Sang Putri berkata, ”Saya sangat malu karena tidak seperti umum
  21. *Saklangkung kawlas asih tanpa dhahar lawan nendra malah dadi sutapane pinarak lan embanira Ngandika sang lir retna, ”Sun iki wirang kalangkung tan lumrah sapadha-padha*
  22. Suami tidak memiliki anak lebih baik mati saja.” Ni Emban menjawab pelan, ”Saya tadi berbuat salah masuk ke tempat Gusti dan melihat ulah rakanda membagi mangga kepada sebelas orang istri
  22. *Laki tan sinungan siwi angur baya matia.” Ni Emban alon ature, ”Kawula wau culika lumebet Gusti priksa*  
*solahe rakamta adum pelem mring garwa sawelas*
  23. Diiris-iris lalu dibagi rata supaya dapat berputra. Ketika bijinya dibuang keduanya saya ambil dan ini Gusti silakan dimakan agar dapat berputra.”
  23. *Ingiris-iris waradin supaya darbea putra. Sareng binucal peloke kekalih kawula bekta Gusti inggih punika sampeyan dhahar sang Ayu ing supados peputra.”*
  24. Biji mangga telah diterima keduanya dikungkang setelah bersih lalu diberikan yang sebuah menjatuhi abdi wanita
  24. *Kang pelok wus dentampani kekalih kinalamutan wus bersih pinaringake nibani inya siji sowang*

- Ni Emban terkekeh-kekeh,  
 "Tanpa suami mempunyai anak  
 jadi anak jadah terlantar."
25. Abdi menjawab,  
 "Biar jadah asal hidup  
 kelak dapat disuruh."  
 Semua tertawa gembira  
 "Tak betul katamu  
 kelak biji itu  
 yang menjadi anak dadah."
26. Sang Putri berkata pelan,  
 "Semailah biji itu  
 kelak menjadi pembibitan  
 jika berbuah jadi nafkah."  
 Cerita selanjutnya  
 sebelas orang istri tadi  
 sudah hamil semua.
27. Istri yang disingkirkan juga  
 hamil dan abdinya  
 keduanya hamil semua.  
 Ketika telah tiba waktunya  
 sembilan bulan lalu lahir  
 mereka melahirkan bersama  
 sang Juragan senang hatinya.
28. Putra sulung dinamai  
 Baron Amilman, adiknya  
 bernama Baron Kaskedheng  
 adiknya lagi Baron Ardiyan  
 lalu Baron  
 diikuti sang Baron Tanemun  
 lalu Baron Driansyah.
29. Kemudian Baron Makresmin  
 adiknya lagi bernama  
 sang Baron Arte  
 lalu Baron Kaesman  
 kemudian Baron Saerah
- Ni Emban latah-latah,  
 "Tanpa laki darbe sunu  
 dadi bocah jadah kowar."*
25. *Ni Inya latak nauri,*  
*"Jadah-jadah sok uripa  
 ing tembe kena kinongkon."*  
*Sadaya gumujeng asuka*  
*"Tan bener ujarira  
 pelok iku ing besok  
 kang minangka dadah rena."*
26. *Sang Retna ngandika aris,*  
*"Pelok sira dhedhera  
 dadi paninisan tembe  
 lamuna woh dadi pekah."*  
*Gantya kang winarna*  
*garwa kang sawelas wau*  
*wus samya wawrat sadaya.*
27. *Garwa kang kinubon inggih  
 nggarbini lan embanira  
 kekalih awawrat kabeh.*  
*Wus sami prapteng samaya*  
*sanggang wulan gya mbabar*  
*pra samya mbabar sadarum*  
*Sang Nakoda langkung turstha.*
28. *Putra sepuh sinung kasih*  
*Baron Amilman, arinya*  
*awasta Baron Kaskedheng*  
*sumendhe Baron Ardiyan*  
*nulya Baron*  
*tandyang sang Baron Tanemun*  
*anulya Baron Driansyah.*
29. *Tumunten Baron Makresmin*  
*ari malih namanira*  
*anenggih sang Baron Arte*  
*tumunten Baron Kaesman*  
*tandyang sang Baron Saerah*

- yang terakhir Baron Semita sehingga lengkap sebelas orang.
- Baron Semita aranipun nenggih wau jangkep sawelas.*
30. Adapun sang Dyah yang sedang hamil di tempat pengasingan belum melahirkan hatinya sangat sedih waktu hamil telah berlebihan Sang Ayu merasa lelah bayi terasa mulai menguat.
- Kuneng sang Dyah kang nggarbini aneng kubon pepungkuran dereng mbabar wawratane saklangkung rudatinira wus langkung ingkang mangsa kraos sayah sang Ayu jabang bayi sampun rosa.*
31. Ia berkata kepada abdinya, "Bagaimana pertimbanganmu Apakah perlu dibedah supaya dapat lahir? Abdi emban menjawab, "Jangan sang Putri kalau belum waktunya."
- Mring inya ngandika aris, "Lah kepriye polahira Apa perlu binedhel wae supaya bisa ambabar? Mban inya aturira, "Dhawuh bendara bok sampun yen dereng mangsa kewala."*
32. Adapun cerita sang bayi yang masih dalam kandungan bersuara manis, "Sabarlah Bu besok saya akan lahir jika telah tiba hari baik bulan dan tahunnya."
- Winarna kang jabang bayi kang aneng ironing wetengan semi arum swarane, "Ibu densabar kewala benjang kawula mbabar yen prayogi dintenipun wulan sarta warsanipun."*
33. Tenanglah hati sang ibu waktu itu abdi Ni Emban hatinya susah pula karena bayi belum lahir "Bagaimana ini bayi belum lahir tapi bergerak-gerak dalam perut."
- Kang ibu asreping penggalih Samana Ni Emban inya inggih asusah manahe wawratane dereng mbabar "Iki kepriye baya jabang bayi durung metu aneng weteng garonjalan."*
34. Bayi segera menyahut, "Ibu, besok saya akan keluar bersama dengan Gustiku. Saya tidak lewat rahim tetapi membedah lambung saja
- Gya nyuwara jabang bayi, "Biyung besok ingsun medal abareng lan Gusteningong. Sun tan metu ing wadonan mbedhah lambung kewala*

- makan makanan agung.”  
Ni Inya sangat ketakutan.
- mangan pepanganan agung.”  
Bok Inya girap-girap.*
35. “Jangan begitu bayi  
saya pasti mati.”  
Bayi bersuara lagi,  
”Akan mati atau tidak  
asalkan saya hidup.”  
Diceritakan selanjutnya  
sudah sampai janjinya.
36. Setelah dua belas tahun lahirlah  
lelaki kembar  
yang sudah memiliki kesaktian  
ketika keluar lalu lenyap  
menjelma satu dengan Gustinya  
dua orang putra Dyah tadi  
menjelma ke dalam telur busuk.
37. Sang Dyah tertegun memandangi  
sifat anaknya  
karena tidak seperti anaknya  
Sang Dyah berkata pada abdi,  
”Bagaimana menurut pikiranmu?”  
Dua orang abdinya menjawab,  
”Mari dibuang saja Gusti.”
38. Sang Dyah berkata pelan,  
”Lebih baik dirawat saja  
berilah sesaji  
sayang kalau dibuang  
bagian dari diriku  
diberi sesaji setiap malam.”  
Diceritakan yang menjelma dalam  
telur busuk
39. Kedua putra sang Dewi  
yang tua Baron Sukmul  
yang muda Baron Sakendher  
Baron Sakendher berkata,  
”Kakanda, marilah keluar
35. ”Aja ta mangkono bayi  
amesthi mati manira.”  
*Jabang bayi nywara maneh,*  
”Arep mati arepe orang  
sok dhasar ngong uripa.”  
*Wusira lami winuwus*  
*wus jangkep samayanira.*
36. *Kalih welas warsa lahir*  
*priya kembar warnanira*  
*nging sampun sinung kasekten*  
*sareng medal samya musna*  
*nukmeng tunggal gustinya*  
*putraning Dyah kalih wau*  
*nukmeng kuwuk panggerusan.*
37. *Sang Dyah anjenger ningali*  
*dhatem sipate kang putra*  
*dene tan katon putrane*  
*Sang Dyah ngandika mring inya,*  
”Kapriye pikirira?”  
*Mban kalih sami umatur,*  
”Suwawi Gusti binucal.”
38. *Sang Dyah ngandika aris,*  
”Payo padha binecikan  
becik sajenana bae  
eman lamun binuwang  
sempalane wak ingwang  
sinajenan saben dalu.”  
*Kang nukmeng kuwuk winarna*
39. *Kekalih putra sang Dewi*  
*Baron Sukmul ingkang tuwa*  
*Baron Sakendher kang anom*  
*Baron Sakendher lingira,*  
”Kakang, suwawi medal

- senyampang ibu tidur  
kita mencari makanan.”
40. Sang kakak mengikuti adiknya keluar dari telur busuk lalu makan sesaji.  
Setelah kenyang lalu diundurkan oleh punakawan.  
Sekeber dan Sukmul telah makan kenyang.
41. Mereka masuk kembali ke dalam telur busuk hanya malam hari mereka keluar Ibunya sudah mengira berkatalah kepada abdinya  
”Saya tidak mengerti setiap malam sesaji habis?”
42. ”Saya juga tidak menduga kalau putra paduka yang makan sesaji.”  
”Emban bagaimana caranya agar saya dapat bertemu?”  
”Kalau begitu marilah Gusti kita pura-pura tidur.”
43. Malamnya mereka pura-pura tidur Sang Dyah berselimut kain kasa bersama dengan embannya.  
Ketika tengah malam Baron berdua keluar bersama dengan pembantunya makan bersama.
44. Ibunya memperhatikan ulah putranya yang keduanya tampan semua Sang Retna senang hatinya Baron berdua keluar sesudah makan akan mandi
- mumpung sare Kanjeng Ibu samya nedha pepanganan.”*
40. *Kang raka nurut mring ari medal king kuwuk kaliyan sami adhahar sesajen.*  
*Wus tuwuk gya linorodan dhateng kang punakawan.*  
*Sekeber kalawan Sukmul atuwuk denira nedha.*
41. *Wus samya malebet malih marang kuwuk panggerusan ing saben latri wedale Kang ibu sampun nggrahita ngandika mring mbannya, "Nora aduga tyas ingsun sajen saben latri brastha?"*
42. *"Kula inggih boten ndugi menawi putra paduka ingkang adhahar sajen."*  
*"Emban priye dayanira nggon ingsun ketemua?"*  
*"Yen suwawi gusteningsun dhaweg api-api nendra."*
43. *Ing latri gya sandi guling Sang asingep ngangrangan prituwin Ni Emban karo. Tengah dalu wontenira Baron kalih gya medal lawan punakawanipun samya dhahar pepanganan.*
44. *Kang ibu awas ningali solah tingkahe kang putra kalih abagus warnane Sang Retna kacaryaning tyas Sang Baron kalih medal wusira dhahar yun adus*

sampai di luar lalu mandi.

*prapteng njawi tandyu siram.*

45. Sang ibu bangun lalu memangil emban dan pengasuh dan memegang telur busuk diberikan kepada embannya "Jika Gustimu datang bantinglah segera telur busuk itu jangan sampai dimasuki lagi"
46. Setelah Baron berdua mandi segera pulang ke rumah akan masuk ke dalam telur busuk lagi tetapi telur segera dibanting pecah berantakan Baron berdua segera dirangkul dan ditangisi oleh ibunya.
47. Emban dan pengasuh segera merangkul putranya bahagia bercampur tangis. Putranya minta disiap ikan asin dan nasi basi Ni Emban tertawa mendengar ucapan anaknya.
48. Pada wkatu itu Sang Retna Dewi sangat sayang pada putranya keduanya berwajah tampan sangat dimanjakan dipenuhi semua permintaannya. Sang Retna senang sekali dan tahun pun berganti.
45. *Kang ibu wungu nimbalimring emban lawan inya sarta anyandhak kuwuken pinaringken mbanira "Yen prapta Gustenira kuwuken bantingen gupuh aja nganti linebetan."*
46. *Wus siram Baron kekalih age-age mantuk wisma arsa mblebu kuwuk maneh kuwuk sigra binatingan pecah sigar kaparah Baron kalih gya rinangkul mring kang ibu tinangisan.*
47. *Lan emban lan inya sami gya mangrangkul putranira sasuka kawor tangis. Sutane anjaluk dulang greh pethek sega wadhang Ki Emban latah gumuyu myarsa ujare kang putra.*
48. *Samana Sang Retna Dewi saklangkung sihireng putra kekalih bagus warnane kalangkung dinama-dama inugung sakarsanta. Sang Retna adi kemarak tiningal warsa kawuntat.*

## X. PANGKUR

1. Cerita pun beralih raja Mintuna di gunung sudah lama menanti

## X. PANGKUR

1. *Gantya ingkang kawarna wukir purwa maha Mintuna aji wus lama angayun-ayun*

- janji putranya  
 Sang Juragan belum datang me-  
 menuhi janjinya  
 sanggup menyerahkan seorang  
 anak  
 belum juga kunjung datang.
2. Sang pertapa kemudian pergi  
 ke rumah putranya di Jabal-  
 karbin  
 Sampai di sana  
 Sang Nakoda menyambutnya  
 sangat hormat kepada Sang Wiku  
 Setelah duduk sebentar  
 sang Mintuna berkata,
3. "Harap kau tepati  
 janjimu padaku dahulu.  
 Sekarang putramu berapa?"  
 "Hanya sebelas  
 anak dari istri yang saya singkir-  
 kan jelek sekali."  
 Sang Pendeta tertawa,
4. "Kau tidak mengerti  
 istrimu yang kau singkirkan  
 sudah berputra  
 lahir kembar dan tampan  
 jadi semua berjumlah tiga belas  
 Anakmu lebih satu, itu saya  
 minta  
 panggilah yang muda  
 yang bernama Sakendher!"
5. Sang Juragan menyanggupi  
 segera menyuruh memanggil  
 putranya  
 utusan berangkat dan telah tiba di  
 tujuan  
 Sang Dyah sedang duduk
- samayane kang putra  
 Sang Juragan dereng dhateng  
 kaulipun  
 saguh tur putra sajoga  
 inganti tan ana prapti.*
2. *Sang wiku anulya tindak  
 mring putrane kang wisma Jabal-  
 karbin  
 Lampahira sampun rawuh  
 sang Nakoda amapag  
 langkung urmat kedhatengan Sang  
 Wiku  
 Wusira tata alenggah  
 sang Maha Mintuna angling,*
3. *"Manirarsa angluwarana  
 jenjenira marang ingsun rumiyin.  
 Ing mengko pira putramu?"  
 "Inggih namung sawelas  
 kang kawula kubon langkung  
 awonipun."  
 Alatah-latah Sang Yogi.*
4. *"Kalimunan sira nyawa  
 garwanira kubon wus asesiwi  
 metu kembar warna bagus  
 dadi cacah telulas  
 luwih siji anakira ingsun pun-  
 dhut  
 kang taruna atimbalana  
 Sakendher ingkang wewangi!"*
5. *Sang Nakoda tur sandika  
 gya utusan nimbali ingkang putra  
 duta kentar sampun dhuddhuk.  
 Sang Dyah lagya pinarak .*

- dengan kedua putranya, utusan berkata,  
"Saya diutus rakanda memanggil putra sang Dewi
- lawan putra kalih caraka matur,*  
*"Kula dinuta rakamta nimbali putra Sang Dewi*
6. yang muda bernama Sang Sakendher, diminta sang Pendeta." Sang Dyah kurang berkenan berkata kepada putranya, "Ananda, kau dipanggil ayahmu diminta oleh raja pendeta sudah nasibmu
- ingkang taruna anama Sang Sakendher pinundhut Sang Yogi."*  
*Sang Dyah tan lengganeng kayun ngandika marang kang putra,*  
*"Sira jiwa tinimbalan mring ramamu*  
*pinundhut Sang Wiku raja wus bejane sira Gusti*
7. berpisah dengan ayah ibu." Putranya berkata, "Jangan susah meskipun sampai mati tidak akan rela meskipun bukan saudara saya semua." Sukmul tertegun adiknya ditangisi
- apisah lan yayah rena."*  
*Putra matur, "Sampun dhumateng sakit*  
*sanajan tumekeng lampus datan nadya lenggana*  
*nadyan boten sadherek kula sadarum."*  
*Sukmul anjenger angucap kang rayi dipuntangisi.*
8. Sakendher berkata kepada kakaknya, "Kanda Sukmul, janganlah terlalu sedih saya berpesan Kanda . Sukmul barang ini saya tinggal kelak untuk tanda jika cincin ini matanya hilang pasti saya tewas.
- Sakendher matur ing raka,*  
*"Kakang Sukmul sampun ndedawa brangti*  
*kula weling Kakang Sukmul sempala kang berkatan*  
*kula tilar karyanen panengran besuk*  
*yen supe sotyane ical pasthi kawula ngemasi.*
9. Kelak pohon mangga yang tumbuh jika daunnya gugur saya tewas jika cinta Kanda menyusul."
- Wit pelem kang thukul benjang lamun dhaun gogrog kula ngemasi*  
*yen tresna andika nusul."*

- Sukmul menjawab, "Jangan khawatir."
- Sang Sakendher segera minta diri kepada ibu.
- Hati ibunya seperti tersentak air matanya berlinang.
10. Pengiringnya tak ketinggalan  
Sang Sakendher segera berangkat  
mencoba pedangnya  
bawaan dari kandungan  
bersama duta sudah tiba  
di hadapan ayahnya.  
Sang Wiku memanggilnya.
11. Sang Wiku berkata,  
"Cucuku yang tampan  
dan pemberani  
tak ada yang mengimbangi  
hasil pemujaan saya dulu  
"Ki Juragan, tinggallah  
saya pamit pulang.
12. Jangan merasa mempunyai anak  
karena kau tak berketurunan."  
Ki Juragan bersembah,  
"Saya tidak merasa  
mempunyai anak, karena itu milik  
sang Wiku."  
Maha Mintuna segera berangkat  
Sakendher mengikutinya.
13. Perjalanananya tiba di hutan  
panakawan Sekeber tak ketinggalan  
an  
Di tengah hutan lebat  
muncul empat raksasa
- ngling Sukmul, "Hya sumelang."*
- Sigra pamit Sakendher marang ing ibu.*
- Tyasing ibu lir sinendhal esmu tangis luh umijil.*
10. *Tan kantun kang punakawan Sang Sakendher sampun kentar king ngarsi anyoba ing pedhangipun bebektan saking garba sampun kerit lampahing duta prapta wus ing ngarsanira kang rama.*  
*Sang Wiku ngawe ken ngapti.*
11. *Ngandika Sang Wiku raja,*  
*"Adhuh putoningsun asigit asura dhewe pinunjul ing rat tan ana madha anggon ingsun mujamantrani ing ngenu*  
*"Ki Juragan wus keria manira arsa mit mulih.*
12. *Aja ngarsa darbe putra denira ingsun pupus wiji."*  
*Ki Juragan awotsantun,*  
*"Boten ngraos kawula darbe putra kagunganira Sang Wiku*  
*Maha Mintuna nuli kentar Sakendher ngirit neng wuri.*
13. *Lampahe prapta ing wana punakawan Sekeber datang kari Samadyaning wana agung wonten ditya sekawan*

- Kala Dremba-Drembana kedua-nya  
Kadeksaka yang ketiga  
yang keempat Peksa tinggi besar
- Kala Dremba-Drembana kalihipun  
ketiga Kadeksaka  
patira Peksa geng inggil*
14. Keempat raksasa mencari mangsa  
belum dapat lalu kelihatannya  
tiga orang sedang berjalan  
yang satu sudah tua  
satunya lagi masih muda dan tampan  
dan yang satu lagi seperti kerbau  
Kaladeksana berkata keras,
- Catur ditya cari mangsan  
dereng angsal sigra ana kaksi  
sujalma tiga lumaku  
kang sajuga wus tuwa  
kang sajuga anom dhasare abagus  
sajuga parti maesa  
Kaladeksana sru angling,*
15. "Hai kawan, ada orang lewat  
semerbak harum baunya  
seperti penjual lembu  
ada yang bilang  
anyir seperti bau raksasa  
tampaknya orang tua itu  
sifatnya seperti raksasa perempuan.
- Eh kanca ana wong liwat  
ingkang tapa gandane marbuk  
wangi  
kaya ta wong adol lembu  
ana maneh kang kandha  
amis arus saparti gandane diyu  
semune wong tuwa ika  
sipate kadya raseksi.*
16. Mari kita dekati.  
Empat raksasa segera mendekati  
yang sedang berjalan  
sang Wiku Maha Mintuna dengan  
sang Sakendher dan punakawannya  
kemudian sang Wiku berkata,  
"Hati-hatilah anak cucu
- Payo padha pinarpekan.  
Diyu catur tandyu samya marpeki,  
ingkang lumampah sang Wiku  
Maha Mintuna lawan  
sang Sakendher katri punakawan-  
ipun  
tandyu sang Wiku ngandika,  
"Mas putu den ngati-atii*
17. ada bahaya menghadang  
di jalan empat raksasa itu  
marilah pulang saja.  
Saya sudah tua  
tidak kuat melawan raksasa  
kita takkan memenangkan perang
- ana bebaya angadhang  
aneng marga papat ika raseksi  
payo sunemban umantuk  
Ingsun iki wus tuwa  
nora kelar nanggulangi yudane diyu  
kita prang mangsa nanga*

apalagi kau masih kecil."

*dene sira maksih alit."*

18. Baron Sakendher menjawab,  
"Bukan watakku takut raksasa  
Bapak, saya ingin belajar  
berperang melawan raksasa  
menyingkirlah segera  
lihatlah dari jauh  
restumu yang saya mohon!"
19. Wiku Mintuna berkata,  
"Mudah-mudahan kau menang,"  
kemudian sang Wiku menjauh.  
Raksasa berempat datang  
menggoda muka dan sampingnya  
  
Baron Sakendher tidak takut  
akan tetap bertahan.
18. *Baron Sakendher linging,*  
*"Dudu watakingsun wedi raseksi*  
*Kaki sun arsa sinau*  
*peperang kalawan ditya*  
*wis ta Kaki sumingkira den gupuh*  
*awasna teka kadohan*  
*mung idimu kang sun pundhi!"*
19. *Wiku Mintuna ngandika,*  
*"Iya nyawa muga menanga jurit,"*  
*anulya nebih sang Wiku.*  
*Ditya sakawan prapta*  
*anggegila ngarsa lawan kering-*  
*ipun*  
*Baron Sakendher tanebat*  
*sumedyo tanggonging jurit.*
20. Kaladeksana berkata,  
"Siapa namamu dan dari mana?  
Mengapa kamu bertahan  
tak takut saya goda  
dan sendirian?" Baron Sakendher  
menjawab,  
"Apa maumu raksasa?  
Saya akan mundur."
20. *Kaladeksana lingya,*  
*"Sapa jenengira lan bocah ngendi?*  
*Dene sira meksa luhung*  
*tan gigrig sungegila*  
*tanpa rowang?" Baron Sakendher*  
*amuwus,*  
*"Buta kowe arep apa?*  
*Ingsun sedya ngunduri."*

## XI. DURMA

1. Raksasa marah sekali  
  
taringnya keluar  
bersama-sama menyerang  
menubruk dari kanan kiri  
menggoda menakutkan  
Sakendher tak bergeming  
menendang, menginjak, dan me-  
nempeleng

1. *Kurda buta manggala murti tyasi-*  
*ra*  
*siyungira mangisis*  
*gya sareng nerajang*  
*nubruk king kering kanan*  
*anggegiro anggegerisi*  
*Sakendher panggah*  
*ndhupak napak nempiling*

## XI. DURMA

2. Tangannya seperti cemeti kawat raksasa lebih mengamuk dilimpahi jutaan Sakendher menarik pedang tunduklah ke tanah menengadahlah ke angkasa kau pasti mati saya pedang.
3. Wirapeksa menjawab, "Lakukan saya ingin mencicipi serangan anak-anak takkan dapat melukai Sakendher mempermainkan senjatanya pedang dibacokkan terpancunglah leher lawan.
4. Kaladeksana ganti menyerang Sakendher menghadapinya menangkis dengan pedang muka raksasa luka parah matilah Kaladeksana. Lalu Kaladremba memengkis-mengkis
5. Serangan dua raksasa dilawananya mereka ramai menyerang Sakendher memainkan senjatanya menangkis dan menyerang dengan pedang terbantailah kedua raksasa leher terpancung berguling ke tanah.
6. Empat raksasa telah tewas Sang Mintuna memperhatikan cucunya unggul perang segera didekatinya dirangkul dan dicium
2. *Astanira ampuh lir cemethi kawat ditya gergut tan sipi linuberi yutan Sakendher narik pedhang tumulang ing pratiwi tumenga akasa sunpedhang sira mati.*
3. *Wirapeksa nauri, "Sira tibakna sun arsa angicipi pamedhange bocah mangsa anedhasana Sakendher angikal aglis pedhang lumarap ing jangga tigas pancing.*
4. *Sigra nrajang sira Sang Kaladeksana Sakendher anadhahi anangkis ing kangkam muka ditya kaparah Kaladeksana wus mati. Yun Kaladremba Domba mota angerik.*
5. *Sareng nrajang ditya kalih tindahan samya naut tan palih Sakendher angikal tangkis pedhang lumarap kaperanggal ditya kalih jangga katigas gumulung aneng siti.*
6. *Suh sirna danawa catur palastra Sang Mintuna ningali kang wayah sureng prang nulya merpeki enggal angrangkul jangga ngarasi*

- "Duh cucuku  
kau pemberani dalam perang.
7. Marilah kita pulang!"  
Sakendher pun mengikutinya.  
Tak terceritakan perjalanananya  
tibalah di pertapaan  
Ketika Sakendher melihat  
makin tertarik  
indah seperti surga.
8. Begawan Mintuna berkata,  
"Kerasankah kau  
di rumah nenek  
Ngargapura?"  
Sakendher menjawab, "Ya Nenek  
lebih kerasan  
setelah saya mengetahui."
9. Sang Mintuna terbahak-bahak  
"Cucuku yang tampan  
hasil pemujaanku  
dengan senang saya serahkan  
seluruh Ngargapuri  
kepadamu  
menyamainya Buyung.
10. Di sini gedung-gedung penuh  
dengan mas intan  
lagi pula saya memiliki ajimat  
yang bernama "air kehidupan"  
dapat menghidupkan sesuatu yang  
telah mati  
jika ditetesi air itu  
baik hewan maupun manusia.
11. Pasti jadi emas mulia  
maka saya menjadi kaya  
pagar bata emas
- "Dhuh putoningwang  
bagus prawireng jurit.
7. Payo mulih aja suwe aneng wana!"  
Sakendher sampun kerit.  
Tan kawarneng marga  
sampun prapta pratapan  
Sakendher sareng ningali  
langkung kacaryan  
murah kadi suwargi.
8. Angandika sira bagawan Mintuna,  
"Apa karasan Gusti  
neng wismane eyang  
prapta pan Ngargapura?"  
Sakendher nauri, "Inggih  
langkung karasan  
nembe ingong ningali."
9. Sang Mintuna gumujeng latah-latah  
"Putuku wong jelanthir  
nggon ingsun memuja  
tan ewang sun srahena  
samubarang Ngargapuri  
sun lileng sira  
amadhanana ki bayi.
10. Iki dunya pirang-pirang gedhong  
kebak  
mas picis brana adi  
lan kasekteningwang  
kang aran toya gesang  
barang mati pasthi urip  
  
yen tinetedan  
kewan sato myang jalmi.
11. Pasthi dadi kencana geng adi  
mulya  
mula sun iki sugih  
pager bata emas

- dan intan perak  
karena "air kehidupan"  
ini sogoknya (kuncinya)  
semuanya sama.
- retna salaka mulya  
marga saking banyu urip  
ini sogoknya  
saniskaraning sami.*
12. Pesanku, gedung di sebelah Timur Laut  
jangan kau buka  
seluas seratus.  
Perhatikanlah baik-baik  
saya akan ke hutan  
kau tinggal di sini."  
Sang Resi segera berangkat.
- Wekasingun gedhong ingkang  
Elor Wetan  
aja sira ungkapi  
jembar satus cengkal.  
Poma tuhunen nyawa  
sun arsa marang wanadri  
sira karia."  
Sang Resi wus lumaris.*
13. Sesampai di hutan, segala sesuatu yang dijumpai yang pantas dimakan kijang, kancil, rusa ular dimakan tak ada yang mengikuti hutan bergetar semua berlarian.
- Prapteng wana sabarang kang  
kapanggiha  
sing ngawra abinukti  
kidang kancil sangsam  
sarpa daka minangsa  
tan ana ingkat tut wuri  
getering wana  
kabrasat sami.*
14. Sakendher yang tinggal di rumah bertanya dalam hati,  
"Gedung di sebelah Timur Laut berisi apa?  
Pesannya sangat keras jangan dibuka saya ingin tahu."
- Kawarna Sakendher kang kantun  
wisma  
anukma jroning panti,  
"Gedhong kang Lor Wetan  
baya isine apa?  
Dene teka wanti-wanti  
tan weh binuka  
ingsun arsa udani."*
15. Sakendher menuju ke gedung di sebelah Timur Laut Sakeber mengikutinya Sesampai di tempat masih di luar pintu ditipiunya pintu itu sehingga terbuka kelihatan tengkorak manusia berserakan tak terbilang.
- Gya Sakendher marang gedhong  
kang Lor Wetan  
Sakeber atur wuri  
prapta pernahira  
sajawining ing lawang  
dinamu menga kang kori  
cumplunging jalma  
gelasah tanpa wilis.*

16. Sang Sakendher tertegun melihatnya  
lalu berkata dalam hati,  
"Pantas pemberian pesannya sangat keras."  
Kemudian melihat raksasa disakiti pula.
16. *Sang Sakendher anjenger mulat kang tosan anggrahita jroning galih, "Layak ta sihe wekase wantya-wantya." Anulya awas ningali wonten raseksa juga dipunsakiti.*
17. Dipasung dalam gedung besi  
segera didekatinya dan ditanya,  
"Raksasa apa kamu?"  
Jawabnya, "Saya adalah raja raksasa dari negeri Jubin."
17. *Dipunbelok aneng jroning gedhong tosan sigra dipunpurugi celak tinakenan, "Lah sira buta apa?" Umatur, "Kawula inggih raseksa raja nagari kula Jubin.*
18. Dahulu ayahku raja Durgangsa mengabdi kepada Gusti ia didakwa ingin merebut kedudukan oleh karena itu disakiti sudah berjalan satu tahun. Sakendher berkata pelan,
18. *Duk ing uni ramamba raja Durgangsa suwita yang ta Gusti kawula tinarka angrebat kalenggahan pramila dipunsakiti angsal sawarsa. Sakendher ngandika aris,*
19. Saya bertanya, "Tengkorak apa itu?  
bertumpukan?  
Katakan yang jelas!"  
Raksasa menjawab,  
"Tengkorak itu juga putra raja seperti Paduka Gusti.
19. *Ingsun takon, "Lah iku cumplung apa dene atumpang tindhuh? Tutura kang weca!" Umatur sang Raseksa, "Cumplung punika ugi sutaning raja kados Paduka Gusti.*
20. Diambil putra, dimanjakan dengan pakaian dan mas intan.  
Setelah cukup lama lalu dimakannya
20. *Pinet putra jinabung alus riengga ing raja brana adi. Dipi sampun lama gih nunten dipunmangsa*

- maka tengkoraknya banyak sekali.”  
*Sakendher berkata,  
 ”Mustahil jika nenek*
21. makan sesama manusia.”  
 Raksasa menjawab, ”Betul jika tidak percaya silakan tengkorak itu tetesi ”air kehidupan”!” Kemudian Sakendher meneteskan tengkorak
22. dan tengkorak pun hidup lagi. Baron Sakendher bertanya, ”Kamu orang apa asal kematiammu.” ”Gusti, saya adalah putra raja di negara Kamboja.
23. Adapun sebabnya saya mati karena ketika kecil diambil anak dan diberi harta benda. Lama-kelamaan disuruh menjenang lalu saya didorong ke dalam tempat penjenangan.”
24. Sang Sakendher berpikir dalam hatinya, ”Betulkah yang kau katakan padaku. Bagaimana cara saya menghadapi jika ia ingin memangsaku?” Raksasa tua menjawab pelan,
- mila cumplung tanpa wilis.”*  
*Sakendher nabda,  
 ”Mokal temen si kaki*
21. *yen amangan sapadha-padhaning jalma.”*  
*Raseksa matur, ”Inggih yeng kirang pracaya angger cumplung punika tetesana banyu urip!”*  
*Sakendher anulya cumplung dipuntetesi*
22. *Nulya tangi jenggelek aparipurna.*  
*Baron Sakendher angling,  
 ”Lah sira wong apa ajal kamulanira.”*  
*”Inggih kawula Jeng Gusti sutanira raja ing Kamboja nagari.*
23. *Mila kula kalampahan prapteng lena*  
*kala kawula alit gih pinundhut putra rinengga raja brana.*  
*Sareng sampun lami-lami kinen ajenang amba jinorog jodhi.”*
24. *Sang Sakendher nggarjita ing manahira,*  
*”Iya bener si kaki tuture maringwang.*  
*Kepriye dayanira nggon ingsun meranteni yen arep mangsa?*  
*Diyu tuwa turmya ris,*

25. "Jika kelak Gusti disuruh menghidupkan api untuk membuat jenang maka hati-hatilah Gusti karena itu caranya memasukkan ke dalam penjenangan an lalu dimangsanya." Sakendher berhati-hati
25. *"Angger benjing yen tinuduh ngambil brama kiner anjenang Gusti Paduka denprayitna punika anggenira linebetaken ing jodhi lajeng minangsa."*  
*Sakendher yitneng galih*
26. lalu berkata, "Terima kasih Kaki belas kasihmu padaku sudahlah Kaki saya pergi pulang ke rumah." Pintu pun segera ditutup kembali. Sesampai di rumah istirahat di tempat penantian
26. *sarya nabda, "Iya Kaki sun tarima marmanira wak mami wus Kaki karia ingsun mulih mring wisma."*  
*Pintu wus tinutup malih. Prapta ing wisma pinarak munggeng panti*
27. abdi Sakeber duduk di muka.
- Sang Wiku Aji Sri Mintuna datang dari hutan di luar pintu ia berkata, "Tidak menjemput cucuku yang tampan?"
27. *punakawan Sekeber munggeng ing ngarsa*  
*Ya ta sang Wiku Aji Sri Mintuna prapta rawuh sangking ing wana ngandika njawining kori, "Tan ana mapag putuku wong jelanthir?"*
28. Sang Sakendher mendengar suara neneknya segera ia menjemput ke halaman kemudian dipegang dan dipondong neneknya ditimang serta diciumi "Duh, cucuku apakah kau tidak rindu?"
28. *Sang Sakendher myarsa swa-rane keng eyang methuk ing latar aglis anulya cinandhak pinondhong mring kang eyang kinudang lan den denarasi "Duh, putoningwang apa tan kangen Gusti?"*
29. "Saya rindu sekali Eyang ditinggal ke hutan. Apakah tidak kasihan padaku lama tidak pulang?"
29. *"Iya luwih ing kangen manira Eyang tininggal mring wanadri. Apa tan wlas mring wang deme suwe tan prapta?"*

- Sang Yogi tertawa terbahak-bahak,  
"Duh, cucuku  
saya rindu sekali
- Gumujeng latah Sang Yogi,  
"Dhuh, putoningwang  
sun iki keliwat sangking*
30. kepadamu, tetapi saya sedang mencari mangsa sampai sehari tak mendapatkan perutku lapar maka buatlah masakan.  
Ambillah api membuat jenang dan ambillah tempat penjenangan!"
31. Sakendher sudah merasa lalu berkata,  
"Saya tidak dapat Kaki untuk membuat api dan menjenang."  
"Cucu, nanti saya beri tahu caranya orang membuat api."
32. Kemudian Sakendher mengambil api ia selalu berhati-hati. Sesampai di hadapan eyangnya kemudian membuat api. Api pun sudah menyala dekat tempat penjenangan lalu neneknya mengajari cara menjenang.
33. Sang Mintuna memegangi cucunya akan dimasukkan tempat penjenangan Dengan cepat sang Sakendher menghunus pedhang meskipun ditubruk dari kanan kiri tidak terpegang dan Sakendher memainkan pedang
30. *kangen sira lagi lunga cari mangsa sadina data ulih luwe weteng ingwang mas putu lah-olaha. Sira angambil geni padha anjenang sarta ngambil jodhi!"*
31. *Wus rumaos Sakendher lon ngandika,  
"Ingsun tan bisa Kaki ndadekaken brama nora bisa anjenang."  
"Putu, mengko sun tuturi pratingkanira wong ndadekaken geni.*
32. *Sang Sakendher anulya angambil brama tansah prayitneng westhi. Prapta ngarsaning yang nulya ndadosken brama. Wus murub aperak jodhi kang eyang amulang pratingkahe anjodhi.*
33. *Sang Mintuna anling nyandhak kang wayah yun linebetken jodhi sang Sakendher enggal narik kangkam lumarap tinubruk anganan kering nora kecandhak Sakendher ngikal tamsir.*

34. Sang Mintuna menggeram  
 tangkapannya gagal  
 Sang Sakendher memedang  
 dari dada sampai ke punggung  
 terbelah parah di tanah  
 bermandikan darah  
 maka tewaslah Sang Mintuna.

34. *Gereng-gereng kasewotan sang Mintuna*  
*nyandhak-nyandhak tanpalih*  
*Sang Sakendher medhang*  
*kang jaja trus walikat*  
*sigar kaparah ing siti*  
*ludira godrah*  
*Sang Mintuna ngemasi.*

## XII. DHANDHANGGULA

1. Jenazah sudah dikubur  
 setelah musnah Sakendher ber-  
 kata,  
 "Sekeber, kau saya utus  
 panggillah raksasa  
 yang di dalam gedung dulu itu!"  
 Sekeber sudah berangkat  
 sesampai di tempat tujuan  
 pintu dapat dibuka dengan kunci  
 "Kaki raksasa dipanggil oleh Gus-  
 tiku."  
 Raksasa mengiyakan dan ber-  
 angkat.
2. Seelah menghadap Sang Saken-  
 dher berkata,  
 "Raksasa, saya ingin memberi  
 tahu kamu  
 bahwa sekarang Kaki Mintuna  
 telah mati olehku  
 saya pedang terbelah dadanya  
 tubuhnya saya awasi  
 raksasa yang tak pantas  
 karena akan memangsaku.  
 Sekarang kau yang mengganti  
 bernama Bagawan Mintuna.

## XII. DHANDHANGGULA

1. *Sebak glali jisim wus binasmi*  
*sampun brastha Sakendher ngan-*  
*dika,*  
*"Sekeber, sira sunkongkon*  
*undangen diyu*  
*ingkang aneng jro gedhong uni!"*  
*Sekeber sampun kentar*  
*prapta prenahipun*  
*pintu sinorok wus kena*  
*"Kaki diyu ngandika mring Gusti*  
*mami."*  
*Ture sandika kentar.*
2. *Prapteng ngarsa Sang Sakendher*  
*angling,*  
*"Kaki ditya sun tutur ing sira*  
*Kaki Mintuna sakiye*  
*wus mati dening sun*  
*ingsun pedhang jaja kapalih*  
*kuwandhane sun wangwa*  
*buta datan patut*  
*manira arsa memangsa.*  
*Mengko sira kaki kang sun karya*  
*ganti*  
*ran Bagawan Mintuna.*

3. Seluruh harta dalam istana  
kau yang menjaga  
saya percaya padamu.  
Adapun saya akan berkelana  
mengikuti rasa hati  
tak tentu yang saya tuju.”  
Sang Mintuna menjawab,  
”Kalau dapat jangan pergi  
jadilah raja di Arga Puri  
hamba yang melayaninya.”
4. Sri Sakendher berkata,  
”Saya terima setiamu padaku  
tetapi saya tidak dapat menerima  
permintaanmu  
karena saya akan berkelana  
mencari hakikat kehidupan  
saya harap petunjukmu  
yang saya ikuti.”  
Sang Mintuna menjawab,  
”Jika Gusti mau mengikuti  
pergilah ke arah barat
5. pasti kelak akan terjumpai  
tetapi jalannya cukup angker  
namun akhirnya akan berbahagia  
Paduka akan diambil  
oleh raja Sepanyol.”  
Sakendher bersayembara  
”Izinkan Kaki  
doakan dari kejauhan  
petunjukmu pasti saya jalani.  
Sudahlah Kaki saya berangkat.”
6. Panakawan Sekeber tak ketinggal-  
an  
Sang Sakendher turun  
dari gunung diiringkan oleh pa-  
nakawannya  
naik gunung tinggi
3. *Sakeh brana dunya ironing puri  
iku kabeh sira kang rumeksa  
ingsun percaya maring kowe.  
Dening sun arsa nglangut  
angupaya raosing ati  
ngendi kang sun jujuga.”  
Sang Mintuna matur,  
”Yen kenginga sampun kesah  
